# Т.ҚАЙЫПБЕРГЕНОВТЫҢ «КӨЗДИҢ ҚАРАШЫҒЫ» РОМАНЫНДА ТУБАЛАЎШЫЛЫҚ ДӘЎИРИ ҲАҚЫЙҚАТЛЫҒЫН СӘЎЛЕЛЕНДИРИЎДЕ ЖАБЫҚ КЕҢИСЛИКТИҢ ОРНЫ

**Сагидуллаева Жамила Нурыллаевна –** *филология илимлериниң кандидаты, доцент*
djamilasagidullaeva@gmail.com
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

# РОЛЬ ЗАМКНУТОГО ПРОСТРАНСТВА В ОТРАЖЕНИИ ДЕЙСТВИТЕЛЬНОСТИ ПЕРИОДА ЗАСТОЯ В РОМАНЕ Т.КАИПБЕРГЕНОВА «ЗЕНИЦА ОКА»

**Сагидуллаева Джамиля Нуриллаевна** – *кандидат филологических наук, доцент*
*Каракалпакский государственный университет имени Бердаха*

# THE ROLE OF ENCLOSED SPACE IN REFLECTING THE REALITY OF THE ERA OF STAGNATION IN THE NOVEL THE APPLE OF THE EYE BY T.KAIPBERGENOV

**Sagidullaeva Jamila Nurullaevna** – *Candidate of Philological Sciences, Associate Professor*
*Karakalpak State University named after Berdakh*

**Таянч сўзлар:** ижтимоий хронотоп, ёпиқ макон, “турғунлик даври”, руҳий коллизия.

**Резюме.** Ушбу мақолада “турғунлик даври” ҳақиқатини акс эттиришда ижтимоий хронотопнинг ўрни Т.Қайипбергеновнинг “Кўзнинг қорачиғи” романи мисолида ўрганилган. Унда давр колоритини берувчи совхоз, ферма, гараж, кабинет, уй, хона, қабристон каби ёпиқ макон турларининг ижтимоий хронотопни тузишдаги бадиий-эстетик вазифаси таҳлил қилинган.

**Ключевые слова:** социальный хронотоп, замкнутое пространство, «период застоя», психологическая коллизия.

**Резюме.** Статья посвящена исследованию социального хронотопа в романе Т. Каипбергенова «Зеница ока» как инструмента отражения действительности «эпохи застоя». На основе анализа локальных замкнутых пространств (совхоза, фермы, гаража, кабинета, дома, комнаты и кладбища) раскрывается их художественно-эстетическая функция в моделировании социальной среды и передаче исторического колорита.

**Key words:** social chronotope, enclosed space, the "Era of Stagnation", psychological conflict.

**Summary.** In this article, using the example of T. Kaipbergenov’s novel "*The Apple of the Eye*", the role of the social chronotope in reflecting the reality of the "*Era of Stagnation*" is considered. The artistic and aesthetic function of such types of enclosed spaces as sovkhoz (a state farm), a farm, a garage, an office, a house, a room, and a cemetery in creating a social chronotope and conveying the flavor of the era is analyzed.

**Кирисиў.** XX әсирдиң 70-80-жылларында Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан шараятында «тубалаўшылық жыллары» деп аталған қыйын дәўир жүз берди. Бул дәўирде өндиристиң барлық тараўлары дағдарысқа ушырап, жәмийет раўажланыўдан артта қалып қойды. Сонлықтан, усы дәўирде жүз берген унамсыз қубылыслар миллий әдебий процессте бурынғы сүўретлеў «қәлиплер»ине сыймайтуғын прозалық шығармалардың дөретилиўине тийкар болды. Нәтийжеде, қарақалпақ әдебиятында тубалаўшылық дәўириниң ашшы ҳақыйқатлығы белгили жазыўшы Т.Қайыпбергеновтың «Көздиң қарашығы» (1986) романынан баслап А.Садықовтың «...Таста да гүллейди» (1990), К.Алламбергеновтың «Дәрья тартылған жыллар» (1992), Ш.Сейитовтың «Жаман шығанақтағы Ақтуба» (1992), К.Рахмановтың «Ақыбет» (1993), К.Мәмбетовтың «Ҳүждан» (1993) ҳәм т.б. шығармаларда өзиниң көркем сәўлелениўин тапты. Ең итибарлысы, бул жазыўшылар өткен әсирдиң 70-80-жылларында елимиздиң сиясий-тарийхый, социаллық-экономикалық, руўхый, мәдений салаларында жүз берген дағдарыслы ўақыяларды ири көлемли эпикалық дөретпе – роман жанрының сүўретлеў мүмкиншиликлери арқалы сәўлелендириўге еристи. Әсиресе, 1980-1990-жыллардағы қарақалпақ романларында «тубалаўшылық дәўири»ниң реал шараятларын көркем сәўлелендириўде кеңислик поэтикасынан шебер пайдаланылды.

**Әдебиятлар анализи ҳәм методология.** Белгили илимпаз Ю.М.Лотман «Проблема художественного пространства в прозе Гоголя» деп аталған мийнетинде кеңисликтиң ашық ҳәм жабық түрлерин ажыратып көрсетеди. Илимпаздың пикиринше, олар сыртқы дүнья ҳәм ишки дүнья оппозициясын ашып бериўде әҳмийетке ийе [3:413-447]. Әдетте, ашық кеңислик түрлерине жол, дала, дәрья, таў ҳәм тағы басқалар, ал жабық кеңислик түрлерине үй, бөлме, қамақхана, қәбирстан ҳәм тағы басқалар киреди.

Қазақ әдебияттаныўында А.Б.Темирболат «Категории хронотопа и темпорального ритма в литературе» деп аталған мийнетинде заманагөй илимде объектив ҳәм субъектив ўақыт ҳәм кеңисликлер менен бир қатарда хронотоптың социаллық, мәдений-тарийхый, фантастикалық, психологиялық, биологиялық, физикалық (астрономиялық), мифопоэтикалық сыяқлы бир неше түрлерге ажыратылатуғынлығын атап көрсетип, солардың ишинде социаллық хронотоп адамзат тарийхын, белгили бир мәмлекеттиң, елдиң тарийхын өз ишине қамтыйтуғынлығын келтиреди [6:16-17]. Илимпаз хроноптың бул категориясы жәмийеттиң раўажланыў өзгешеликлерине қарай ҳәр қыйлы экспрессивлик түске ийе болыўы мүмкинлигин, усыған байланыслы «алғаў-далғаў заман», «тубалаўшылық дәўири» сыяқлы атамалар пайда болғанлығын илимий тийкарлайды [6:19]. Демек, қарақалпақ прозасында 1970-80-жыллардағы «тубалаўшылық дәўири»ниң шынлығын сәўлелендиретуғын шығармалардың сюжет тийкарын социаллық хронотоп қурайды.

**Талқылаў.** Қарақалпақ прозасында «тубалаўшылық дәўири»н сәўлелендиретуғын повесть ҳәм романларда дәўир проблемаларын, автор идеясын ашып бериўде

жабық кеңислик түрлери формалық-мазмунлық категория [1:235] сыпатында айрықша әҳмийетке ийе. Мәселен, Т.Қайыпбергеновтың «Көздиң қарашығы» романында, ең дәслеп *совхоз жабық кеңислиги* сюжет шөлкемлестириў хызметин атқарады. Татар әдебияттаныў илиминде Г.Н.Мухарлямованың «Хронотоп в татарской прозе 20-30-х годов XX века» (2018) деп аталған монографиясының көркем кеңисликтиң (ашық, жабық) түрлерине арналған екинши бабында жабық кеңисликтиң көркемлик ўазыйпасы, әсиресе оның дәўир проблемаларын ашып бериўдеги көркемлик хызмети туўралы мынадай пикирлер келтирилген: « ... Үйренилип атырған дәўир әдебиятындағы жабық кеңисликке сол заманға тән болған артел, совхоз, коммуна, түрме, майдан сыяқлы ҳәм басқа да арнаўлы хронотоплар киреди. Хронотоптың бундай өзгешеликлери көркем сөз шебериниң жәмийетлик-сиясий көзқараслары ҳәм оның сол дәўир әдебиятының идеялық мазмунын ашып бериўге умтылыўы менен түсиндириледи» [4:77]. Усы көзқарастан, Т.Қайыпбергеновтың «Көздиң қарашығы» романында, тийкарынан, 1970-80-жылларда елимиздеги пахташылық, мал шарўашылығы, салыгершилик, қурылыс, социаллық ҳ.т.б. тараўлардағы бийпәрўалық, мәмлекетлик жобаны қағазда қосып жазыў арқалы орынлаў, мәмлекет мүлкин талан-тараж етиў, сондай-ақ суў ысырапгершилиги, тоғайлардың орнын жөнсиз егислик майданларына айландырыў ҳәм т.б. унамсыз иллетлердиң ҳәўиж алыўы ҳәм усының салдарынан «Жаңалық» совхозының социаллық-экономикалық жағдайының төменлеп, тәбиятының нашарлап кетиўи ең әҳмийетли проблемалар сыпатында көтериледи. 1970-2000-жыллардағы қарақалпақ романларының сюжет ҳәм композициясын арнаўлы изертлеген илимпаз П.Нуржанов бул шығарма ҳаққында мынадай пикир билдиреди: «...1980-жыллардың басында-ақ Т.Қайыпбергеновтың «Көздиң қарашығы» дөретпеси аўыл хожалығындағы жынаятқа толы ҳәрекетлерди экологиялық апатшылық пенен байланыслы түрде ҳақыйқатлық пенен сүўретлеген» [5:30]. Демек, Т.Қайыпбергеновтың «Көздиң қарашығы» романында совхоз локал кеңислиги «тубалаўшылық дәўири»нде аўыл хожалығы менен байланыслы түрли жынаятлар жүз берген «жабық» мәкан сыпатында сүўретленеди.

Ал, роман сюжетинде автор аўыл хожалығының тубалап қалыўына совхоздың бурынғы директоры Ержан Сержановтың көп жыллар даўамында мәмлекетке пахта ҳәм салы, гөш ҳәм сүт планларын тапсырыўда қосып жазыўшылыққа, санлы мағлыўматларды артықша етип бериўди тийкарғы себеплердиң бири сыпатында көрсетеди:

«– Бүгинги қуралтайда жолдас Сержановтың мақтанып сөйлеген сөзлери маған унамады, – деди ол (Ж.Дәўлетов – С.Ж.) даўыс толқынын өзгертип. – Оның басқарған «Жаңалық» совхозында өзи айтып өткен секилли мақтанышлы нәрселер кем, күтә кем! ... «Жаңалық» совхозының тәғдийри мен ҳәзир ғана айтып өткен Әмиўдәрьяның тәғдирине усап қалыпты. Көп жыллар ақпай тынып қалған суўға усайды... Расын айтқанда, соңғы жети-сегиз жылдың ишинде илгерилеў жоқ. Ҳәтте, кейинге кетиў бар. Айырым көрсеткишлер бойынша буннан он жыл илгеридеги көрсеткишлер пәсейген болса пәсейген, ал өспеген. Ал, сводка бойынша планлары ҳәр жылы орынланып киятыр. Быйыл өткен жылдағыдан артығырақ цифрлар бар. Бундай етип «план орынлаўдың сырларын» түсиниў қыйын емес» [2:9]. Романда 25 жыл даўамында директор болып ислеген Ержан Сержанов совхозға ҳеш қандай жаңалық алып кирмеген либерал (бийпәрўа) басшының типлик образы, оның себебинен жәмийет раўажланбай, бир жерде тубалап қалған. Ал, совхозға саўатлы экономист ҳәм ҳүжданлы инсан Жақсылық Дәўлетовтың дәслеп тексериўши, соңынан басшы болып келиўи менен жәмийеттеги кемшиликлердиң бет пердеси ашылып, олардың себепкерлери ҳәм жуўапкерлери анықланып, совхоз жаңаланыўға бет бурады. Сонлықтан да, жоқарыда персонаж тилинен келтирилген мысалда «Жаңалық» совхозы ўақыт ҳәм кеңисликте бир жерде турып, тубалап қалған жәмийеттиң типлик көриниси сыпатында социаллық хронотоп ўазыйпасын атқарады.

Ең ашынарласы, бул совхозда исленген кишкене ғана нәрсениң өзи үлкен «жаңалық» сыпатында дәбдебепазлық пенен жәрияланады. Мәселен, романда бул ашынарлы жағдайлар *гараж жабық кеңислиги* арқалы шебер ашып көрсетиледи: «Егер совхоздың жумысларын тереңирек изертлесең, әйтеўир нәрселер ең жоқары жетискенликлер сыпатында белгиленип, шақырық-сүренлер астында цифрлар дағазаланатуғынын көремиз. Мәселен, мен совхозда мынадай бир ўақыяныңң гүўасы болдым. Совхозда үш машина қойылатуғын гараж салынған екен. Әне, усы гараждың ашылыўы совхозда салтанатқа айланды. Ҳақыйқатында, оны толық гараж деп те болмайды. Төрт дийўалы бар бастырмаға усайды. Соған қарамастан, гараждың ашылыўына совхоздың көп адамлары шақыртылып, оған қосымша районнан басшылар да келди. Районнан келген басшы сол гаражды ашыўдың лентасын кесиў керек екен... Бул салтанаттың изи үлкен банкетке айланды» [2:9-10]. Бунда совхозға кеминде 20-30 техника сыятуғын гараж салыў ушын мәмлекет тәрепинен ажыратылған ғәрежеттиң Сержанов ҳәм оның аўқамласлары тәрепинен көз-көреки талан-тараж етилиўи, оның үстине буның салтанат пенен байрамланыўы оқыўшыда ирониялық сезимлерди оятады.

Ал, романда *ферма кеңислиги* усы дәўирдеги аўыл хожалығы менен байланыслы ең көп жынаятлар жүз берген локус (мәкан) сыпатында сүўретленеди. Бунда автор, биринширден фермадағы маллардың бас санының қағазда түўел болғаны менен, мәмлекет тәрепинен берилип атырған от-жемге ылайық емес (өгиздиң орнында иргежейли мал) бағылып атырғанлығын, сондай-ақ тазадан салынып атырған ферманың тақтайларының совхоз турғынлары тәрепинен Ержан Сержанов пенен аўыз бириктирген ҳалда талан-тараж етилиўин, қалған қурылыс материалларының болса, итибарсызлық пенен ысырап етилиўин соған жуўапкер шахслардың жынаятлы ислерин жасыратуғын жабық мәкан сыпатында сүўретлейди. Мысалы: «Олар фермаға келсе, бул жерде де ҳеш ким жоқ. Тек қараўыл ғана бир бос ящиктиң үстинде қаўын жеп отыр.

– Адамлар қайда? – деди оған Дәўлетов.

– Түсленип атыр, – деди қараўыл бийпәрўалық пенен.

«Бул қалай, үш сааттан бери жүриппен, адамлар ойқта да түсленип атыр, буяқта да түсленип атыр. Сирә түслик ада болмайды?» – деп Дәўлетов қыялынан өткергени болмаса, кимге не дерин билмей және қараўылға кийликти.

– Сиз неге тақтайларды саттыңыз?

– Ҳаў! Мен қалай тақтай сатаман? – деди қараўылдың ҳайраны шығып.

– Тақтайлардың ийеси ПМКның прорабы болады...

Сиз өйдегенше маған прорабты шақырың! – деди Дәўлетов оған. Сөйтип, ол жүк машинасының кузовында турып айналасына нәзер таслады. Бул жердеги қурылыслар жаңадан қурылып атырғанға емес, ал қурылғанды бузып атырғанға усайды. Гейпара дийўаллар шала өрилип сол турысында қалған. Өрилгенлери де қыйсайып тур. Олардың тырнақларының айналасында сынық-сынық гербишлер үйилип атыр, ярымы сынған фанер, қыйынды тахтайлар жатыр. Бетон өриндилери ҳәр жерде, күнге күйреген кесектей үйин-үйин болып тасланған. Ал, бир шуқырда қурылыс ушын таярланған бетон қатып қалған...» [2:148-149]. Келтирилген мысалда ферма жабық кеңислиги сол жерге жуўапкер хызметкерлердиң (қараўылдың, прорабтың) бийпәрўалығы, өз лаўазымлық ўазыйпаларына жуўапкершиликсиз қатнасы себепли жынаятлар үсти-үстине көбейген жабық мәканға айланған ҳәм романда бул унамсыз иллетлер сатиралық сүўретлеўлер арқалы ашып берилген.

Шығарманың сюжет ҳәм композициясында баслықтың бөлмеси, яғный *кабинет жабық кеңислиги* совхоздың бурынғы директоры Ержан Сержановтың кең ҳаўалы кабинети менен оның орынбасарының гөртүлектей тар кабинетин антитезалық усылда сүўретлеў арқалы қолланылып, олар бурынғы басшының ҳәмелпаразлық, менменлик сыяқлы жекке минез-қулық белгилерин ашыў ушын хызмет еткен. Ал, романда жазыўшы тәрепинен ең шебер ҳәм сәтли қолланылған *үй ҳәм бөлме жабық кеңисликлеринен* типлик қаҳарман Завмагтиң (дүкан баслығынын) үйи, оның ишки бөлмелери ҳәм мийманханасы (залы) десек болады. Мысалы: «Завмаг бир китап текшесин ашып жиберип, аржағынан ҳәр қыйлы ишимликлердиң шийшелерин көрсетти.

– Ержан аға, кәлегениңизди айтың, неше жулдызлысынан ишесиз? Джин керек пе ямаса «Наполеон» ба?

– Ооо! – деди Сержанов айрықша таңланыўы менен. – Мен дийўалға китаплар жыйнап қойғаныңа ҳайран қалсам, ҳеш қайсысы китаптың өзи емес, тек қабының сүўретин салдырып қойған екенсең ғой.

Завмаг селк-селк күлди.

– Китаптың шаң жыйнаўдан басқа қәсийети бар ма? Оның үстине, ишине жазылған сөзлердиң бәри өтирик гәплер, былайынша айтқанда, ҳәр китап адамларды алдаў ушын жазылады. Ал мен китаплардың өзлерин алдап, дийўалыма қапларының тек сүўретлерин сыздырып қойыппан» [2:121]. Бунда автор үй ҳәм бөлме жабық кеңисликлери арқалы Завмагтиң жүдә сум, еки жүзли ишки келбетин оның жеке ойлаў психологиясы, жүрис-турыс ис-ҳәрекетлери ҳәм сөйлеў тили арқалы шебер ашып береди. Сюжеттиң раўажланыў барысында Ержан Сержанов бәрқулла кир-кир костюмде жүретуғын, адамларға өзиниң де, үйиниң де сыртын жүдә көрениш етип көрсететуғын Завмагтиң ишки дүньясын оның үйине директорлықтан босағаннан соң түслениўге барғанында ғана аңлап жетеди. Демек, бул мысалда үй ҳәм бөлме жабық кеңисликлери сол дәўир типлик қаҳарманының жеке характери ҳәм ишки дүньясындағы унамсыз иллетлерди әшкаралаў ушын сәтли қолланылған.

Ал, роман сюжетинде автор қарапайым аўыл ғаррысы Қудайбергенниң тилинен берилген қәбирстанды қоршаў усынысы арқалы совхоздың жаңа директоры Жақсылық Дәўлетовты ҳүжданлы, демократ басшы сыпатында таныстырады: « – Аўылымыздың қубласында қәбирстан бар. Сол қәбирстанда бир адамы жатпаған семья жоқ совхозда.

– Ҳәммемиздиң бабаларымыз сөйерде жатыр! – деди бираз даўыслар.

Әне, солай, – деди Қудайберген. – Бирақ сол қәбирстанның қоршаўы жоқ. Үстинде маллар жүреди. Қозы-ылақларымыз бас жибин үзип қашса, сол қәбирстаннан таўып аламыз. Егер усы отырғанлардан биреўимиз өлсек, сол қәбирстанға қойылатуғынмызды билемиз, соның менен бирге ертең үстимизде мал жайылып жүретуғынлығын да билемиз. Сол ушын, бул совхозда кимниң тыныш ғана өлгиси келеди? Ҳәзир ҳеш ким ашық пикир айтпағаны менен, өлер алдында ҳәмме Сержановты нәлетлейди. Сол ушын, мен совхозымыздың жаңа директорынан, ең биринши нәўбетте, сол қәбирстанды дийўал менен қоршаўды өтинемен» [2:41]. Бунда қәбирстан жабық кеңислиги бурынғы басшы Ержан Сержанов пенен таза басшы Жақсылық Дәўлетовтың бир-бирине уқсамаған моралльқ келбетин, жеке характер қәсийетлерин ҳәм ис басқарыў стилин ашып бериў ушын композициялық ўазыйпа атқарады.

**Нәтийжелер.** Эпикалық шығармаларда социаллық хронотоп, көбинесе жабық кеңислик формалары арқалы сүўретленетуғынлығы белгили. Көркем прозада жабық кеңислик түрлериниң қолланылыўы өзгешеликлери сол үйренилип атырған дәўир әдебиятындағы арнаўлы жабық кеңислик формалары, мәселен, Ш.Сейитовтың «Халқабад» роман-тетралогиясының 1-2-китапларында Кеңес ҳүкиметиниң Қарақалпақстанда жүргизген колхозластырыў сиясаты менен байланыслы ўақыялар жаңадан дүзилген «Жақсылық» колхозында болып өтсе, ал Т.Қайыпбергеновтың «Көздиң қарашығы» романында «тубалаўшылық дәўири»ндеги айырым басшылардың ҳәм олардың әтирапындағы адамлардың ҳүждансыз ис-ҳәрекетлери себепли жәмийеттиң тубалаў процеси «Жаңалық» совхозы мысалында сүўретленеди. Сондай-ақ, үй ҳәм бөлме сыяқлы хронотоп түрлери еки шығарманың идеялық-тематикалық өзгешеликлерине байланыслы ҳәр қыйлы ўазыйпаны (мысалы, «Халқабад» роман-тетралогиясының 1-китабында еле социаллық, мәдений жақтан раўажланбаған «Жақсылық» колхозының турғынлары, Кеңес ҳүкиметиниң белсендилери Қудайберген шундыйдың, Мәдияр баслықтың меншик жайлары кеңсе хронотопы ўазыйпасын атқарса, ал «Көздиң қарашығы» романында Завмагтиң үйи ҳәм оның ишки бөлмелери «тубалаўшылық дәўири»ндеги айырым саўда хызметкерлериниң еки жүзли характери, ҳақыйқый моральлық келбети «жасырылған» жабық

мәкан сыпатында әшкараланады. Сондай-ақ, қәбирстан хронотопы еки шығармада сүўретленип атырған дәўир өзгешеликлерине байланыслы ҳәр түрли мақсетте қолланылады. «Көздиң қарашығы» романында болса гараж, ферма сыяқлы локал кеңислик түрлери «тубалаўшылық дәўири»ндеги жынайый ис-ҳәрекетлер ҳәўиж алған жабық мәкан хызметин атқаратуғынлығы анықланды.

**Жуўмақ.** Т.Қайыпбергеновтың «Көздиң қарашығы» романында жабық кеңислик түрлери «тубалаўшылық дәўири» шынлығын сәўлелендиретуғын социаллық хронотопты дүзиўши әҳмийетли көркемлик компонент болып, автордың жәмийетлик-сиясий көзқарасларын ҳәм шығарманың идеялық мазмунын ашыўда көркем-эстетикалық ўазыйпа атқарады.

**Әдебиятлар**


1. Формы времени и хронотопа в романе. // Вопросы литературы и эстетики. Исследования разных лет. – Москва: «Художественная литература», 1975.
2. Қайыпбергенов Т. Көздиң қарашығы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1986.
3. Лотман Ю.М. Проблема художественного пространства в прозе Гоголя. // Лотман Ю.М. Избранные статьи (в 3-х т.). – Таллин: «Александра», 1993. – С. 413- 447.
4. Мухарлямова Г.Н. Хронотоп в татарской прозе 20-30-х годов XX века. Монография. – Казан: ИЯЛИ, 2018.
5. Нуржанов П. Ғәрезсизлик дәўириндеги қарақалпақ прозасы («XX әсир қарақалпақ әдебияты» пәни бойынша қосымша оқыў қолланбасы). – Нөкис: «Билим», 2003.
6. Темирболат А.Б. Категории хронотопа и темпорального ритма в литературе. Монография. – Алматы: «Ценные бумаги», 2009.